

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar sababaraha kacindekan tina hasil panalungtikan. Dumasar kana kacindekan-kacindekan kasebut ditepikeun sababaraha rékomendasi anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data nu aya dina bab IV, bisa dijéntrékeun data ngeunaan pangajaran nulis rarakitan kelas VIII-12 SMP Negeri 9 Kota Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh (*pre-test*) jeung sabada (*post-test*) ngagunakeun modél *Quantum Teaching* bisa ngaronjat jeung bisa ngahontal kana skor maksimal. Katitén tina skor rata-rata skor *pre-test* jeung *post-test* dina nulis rarakitan. Dina *pre-test* rata-ratana 320, sedengkeun dina *post-test* rata-ratana 368. Bisa dicindekkeun yén aya peningkatan skor rata-rata tina 320 ka 368, kalawan béda 48.

Tina jumlah siswa anu jadi objék panalungtikan 40 siswa. Kamampuh nulis rarakitan kelas VIII-12 saméméh ngagunakeun modél *Quantum Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék pilihan kecap 61, sabada ngagunakeun modél *Quantum Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék pilihan kecap jadi 73. Rata-rata kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun modél *Quantum Teaching* dina aspék karapihan tulisan 64, sabada ngagunakeun modél *Quantum Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék karapihan tulisan jadi 71. Rata-rata kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun modél *Quantum Teaching* dina aspék éjahan 64, sabada ngagunakeun modél *Quantum Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék éjahan jadi 74. Rata-rata kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun modél *Quantum Teaching* dina guru wilangan 65, sabada ngagunakeun modél *Quantum*

*Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék guru wilangan jadi 80. Rata-rata kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun modél *Quantum Teaching* dina aspék hubungan antar pada jeung padalisan 66, sabada ngagunakeun modél *Quantum Teaching* rata-rata kamampuh nulis dina aspék hubungan antar pada jeung padalisan jadi 73.

Uji normalitas data *pre-test* dina taraf 99% ngahasilkeun data nu normal anu hasilna  $x^2_{itung} < x^2_{tabel}$  yaitu  $6,47 < 11,3$ . Sedengken uji normalitas dara *post-test* dina taraf 99% ngahasilkeun data nu normal nu hasilna  $x^2_{itung} < x^2_{tabel}$  yaitu  $5,34 < 11,3$ . Uji homogenitas antara variansi data *pre-test* dan *post-test* kaasup homogen  $F_{itung} < F_{tabel}$  yaitu  $1,66 < 3,99$ . Dina taraf 99%  $H_a$  (Hipotesis kerja) diterima jeung hipotésis nol ( $H_0$ )  $t_{itung} > t_{tabel}$  yaitu  $10,5 > 2,45$ . Hal éta ngabuktikeun yén modél *Quantum Teaching* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis rarakitan kelas VIII-12 SMP Negeri 9 Kota Bandung.

## 5.2 Rékoméndasi

Éjahan basa Sunda téh penting dina kagiatan nulis. Kitu deui undak-usuk basa Sunda dipiharep dipaké dina kagiatan salian nulis, contona dina kagiatan komunikasi di sakola kalayan silih ajénan. Bakal leuwih hadé upamana undak usuk basa Sunda sok remen dipaké sapopoé di lingkungan sabudeureun sakola.

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngeunaan Modél *Quantum Teaching* dina Pangajaran Nulis Rarakitan Siswa Kelas VIII-12 SMP Negeri 9 Kota Bandung aya rékoméndasi anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta éjahan basa Sunda nu kudu ditepikeun deui ka para siswa di antarana patalina maké aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca, kitu deui diksi jeung undak-usuk basa Sunda.